Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EMPIRE AI BETA KONPLÈTMAN OPERASYONÈL, PANDAN GOUVÈNMAN FEDERAL LA ENSPIRE L DE NOUYÒK POU L LANSE SANT ENFRASTRIKTI IA ETA AK REJYONAL YO

Nouvo sipè-òdinatè Nouyòk la ki vo 40 milyon dola bay chèchè yo atravè Nouyòk aksè ak yon kapasite enfòmatik IA klas mondyal

Empire AI Nouyòk la te sèvi kòm modèl pou nouvo enfrastrikti rechèch rejyonal IA Fondasyon Nasyonal Syans lan

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Empire AI Beta ofisyèlman operasyonèl, sa ki bay chèchè nan gwo inivèsite piblik ak prive Nouyòk yo aksè ak òdinatè rechèch inivèsitè ki pi pisan nan peyi a, epi ki make yon gwo etap nan efò Nouyòk pou dirije nasyon an nan zafè entèlijans atifisyèl responsab pou sèvi enterè piblik la. Jan Gouvènè Hochul ak patnè konsòsyòm yo te lanse l, inisyativ Empire AI a deja sèvi kòm yon modèl nasyonal nan zafè itilizasyon IA (entèlijans atifisyèl) ki sèvi enterè piblik la. Pandan Fondasyon Nasyonal Syans (National Science Foundation) federal la te anonse yon gwo envestisman pou sipòte enfrastrikti rejyonal IA ak kapasite rechèch pataje nan kad nouvo inisyativ Sant Enfrastrikti IA Eta ak Rejyonal li yo, Empire AI deja ap sipòte rechèch klas mondyal, epi li sèvi inivèsitè, etidyan ak kominote nan tout eta a.

"Eta Nouyòk te kreye Empire AI pou montre entèlijans atifisyèl ka devlope pou sèvi enterè piblik la, epi ak Empire AI Beta ki ofisyèlman operasyonèl, Nouyòk ap bay chèchè nou yo òdinatè rechèch inivèsitè IA ki pi pisan nan peyi a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo sant Fondasyon Nasyonal Syans lan adopte menm prensip fondamantal Empire AI la — lè gouvènman, inivèsite, sektè filantwopik ak endistri reyini, yo ka bay rezilta ekstraòdinè."

Prezidan Konsèy Administrasyon Empire AI la, Tom Secunda, te deklare, "Empire AI ap montre nasyon an sa patnè devwe ki nan gouvènman, enstitisyon rechèch ak sektè filantwopik ka bati ansanm: yon resous syantifik okenn enstitisyon pa t ap ka kreye poukont li, ki sèvi enterè piblik la. Grasa lidèchip ak vizyon Gouvènè Hochul, Nouyòk ap montre Etazini wout pou l swiv pou l ka bati epi konsève enfrastrikti IA, ki fèt pa chèchè e pou chèchè yo."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Empire AI Beta se temwayaj lidèchip Gouvènè Hochul ak pisans ansèyman siperyè Eta Nouyòk pou montre wout nan

itilizasyon IA pou akselere rechèch ki sove lavi, epi ranfòse kominote nou yo. Grasa Empire AI, chèchè SUNY yo ap fè pwogrè chak jou nan domèn tankou swen sante, sekirite piblik ak teknoloji k ap devlope, pandan y ap fè prèv yon jesyon anviwònmantal responsab."

Rektè CUNY, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "Empire AI Beta reprezante yon gwo avansman pou ansèyman siperyè piblik, paske li asire yon kapasite enfòmatik klas mondyal pa rezève sèlman pou gwo konpayi teknoloji yo, men li mete l dirèkteman nan men divès etidyan, pwofesè ak chèchè nou yo. Lè Nouyòk demokratize aksè ak enfrastrikti IA dènye kri atravè CUNY ak enstitisyon patnè nou yo, li montre wout pou rechèch ki ankouraje mobilite sosyal, inovasyon etik ak solisyon konkrè pou kominote nou sèvi yo."

Direktè Enfòmatik Rechèch Empire AI, Kiran Keshav, te deklare, "Lansman Beta a se yon gwo avansman pou Empire AI ak pou rechèch inivèsitè atravè Nouyòk. Chèchè ki te gen limit lontan akoz aksè ak kapasite enfòmatik kapab kounye a poze pi gwo kesyon, teste lide ki pi anbisye epi pase pi vit soti nan teyori rive nan dekouvèt. Depi nan dyagnostik medikal ak modelizasyon klimatik, rive nan enfrastrikti ki pi an sekirite ak sistèm IA ki pi fyab, sistèm sa a pral ede chèchè Nouyòk yo fè travay ki pa t ap posib san li."

Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare, "Genyen òdinatè rechèch inivèsitè ki pi pisan nan peyi a nan University at Buffalo se yon gwo reyalizasyon pou Lwès Nouyòk. Empire AI pral elaji opòtinite pou etidyan ak chèchè yo mennen dekouvèt revolisyonè, pandan li ap asire entèlijans atifisyèl devlope yon fason responsab ak nan enterè piblik la. Mwen fyè dèske Inivèsite nan Buffalo a nan sant efò sa a, l ap ede fasone avni IA a nan avantaj tout Nouyòkè yo pandan Empire AI ap kontinye grandi."

Senatè Eta Jeremy Zellner te deklare, "Inovasyon ak responsablite mache men nan men. Empire AI montre Nouyòk ka dirije mond lan nan zafè entèlijans atifisyèl lè li envesti nan rechèch piblik, sipòte inivèsite nou yo epi asire teknoloji sa yo devlope yon fason ki nan avantaj tout moun. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan envestisman sa a, epi lè li mete Nouyòk nan premye plan nan zafè inovasyon IA."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mwen kontan wè Empire AI Beta vin operasyonèl. Nouyòk pa manke defi kote Empire AI ka pwopoze solisyon ki fonde sou analiz pou abòde pwoblèm sosyal yo. Avèk plis pase 300 pwojè ki annatant aktyèlman, mwen pa ka tann pou m wè Empire AI an aksyon grasa patnè nou yo nan rechèch ak ansèyman siperyè. Mwen kwè Empire AI ka ede Gouvènè Hochul, administrasyon li ak Lejislati Eta a egzèse lidèchip pou byen komen Eta Nouyòk."

Empire AI Beta, ki nan State University of New York nan Buffalo, se yon sipè-òdinatè ki vo 40 milyon dola, ki repoze sou teknoloji NVIDIA, ki ogmante anpil kapasite enfòmatik ki disponib pou chèchè inivèsitè yo atravè Eta Nouyòk. Sistèm nan miltipliye pa 11 kapasite antrènman IA, pa 40 pèfòmans enferans IA epi pa 8 kapasite estokaj done parapò ak Empire AI Alpha, sistèm inisyal konsòsyòm nan ki te lanse an 2024. Avèk plis

pase 300 pwojè rechèch ki deja annatant pou itilize sistèm nan, Beta pral akselere travay nan domèn ki gen ladan swen sante, syans klima, fabrikasyon avanse, edikasyon, sibèsekirite, sekirite piblik ak lòt sektè ki benefik pou Nouyòkè yo dirèkteman.

Lansman Beta a reprezante pwochen gwo etap nan devlopman pwogresif Empire AI. Alpha, sistèm inisyal konsòsyòm nan ki te posib grasa sipò filantwopik Fondasyon Simons lan, deja sipòte plis pase 130 pwojè rechèch ak plizyè santèn chèchè atravè Nouyòk. Beta pote kounye a yon ogmantasyon transfòmatè nan kapasite, pandan konstriksyon an ap kontinye sou enstalasyon Gamma Empire AI ki pèmanan epi a gran echèl, nan University at Buffalo, epi ki prevwa fini nan fen 2027 la.

Lè li fini, enstalasyon Gamma a pral sant enfòmatik ki gen gwo pèfòmans ki pi efikas nan peyi a tou. Lè Empire AI entegre ak devlopman yon rezo enèji tèmik nan yon sikwi fèmen University at Buffalo, y ap itilize chalè ki soti nan pwosesis Empire AI la pou chofe bilding nan kanpis la, sa k ap amelyore anpil kapasite lekòl la pou li atenn objektif zewo emisyon kabòn li yo.

Enstitisyon manm Empire AI yo gen ladan State University of New York, City University of New York, Columbia University, Cornell University, New York University, Rensselaer Polytechnic Institute, University of Rochester, Rochester Institute of Technology, Icahn School of Medicine at Mount Sinai ak Flatiron Institute nan Fondasyon Simons lan.

Gouvènè a te anonse, nan Diskou sou Eta Leta li a an 2024, lansman Empire AI ki vize kreye yon sant entèlijans atifisyèl dènye kri nan State University at Buffalo, pou gwo enstitisyon Nouyòk yo pou favorize rechèch ak devlopman responsab, kreye djòb epi debloke opòtinite ki lye ak IA ki konsantre sou enterè piblik la. Avèk Empire AI Beta ki konplètman operasyonèl, Nouyòk deja konkretize kapasite enfòmatik, patenarya enstitisyonèl ak kapasite rechèch NSF ap chèche repwodui yo.

Empire AI gen plis pase 500 milyon dola finansman piblik ak prive, epi li konpoze de 10 inivèsite ak enstitisyon rechèch manm. Nan mwa me 2025, Gouvènè Hochul te jwenn finansman pou elaji aksè pou chèchè SUNY yo nan State University of New York nan Albany, State University of New York nan Binghamton, State University of New York at Buffalo, ak State University of New York at Stony Brook, epi pou sipòte adisyon nouvo manm tankou University of Rochester, Rochester Institute of Technology ak Icahn School of Medicine at Mount Sinai. Yo te vin rejwenn sèt manm fondatè Empire AI: SUNY, CUNY, Columbia University, Cornell University, New York University, Rensselaer Polytechnic Institute ak Flatiron Institute.

Nan ajanda Eta Leta 2026 li a, Gouvènè Hochul la te pwopoze lansman Empire AI Beta, ki pral akselere pèfòmans Empire AI rive nan 11 fwa menm echèl li te ye anvan an, sa ki pral fè li vin sipè-òdinatè akademik ki pi avanse nan mond lan. Gouvènè Hochul te anonse tou yon kado rekò bay Inivèsite Eta Nouyòk nan Binghamton pou kreye premye sant rechèch sou IA nan yon inivèsite endepandan nan Etazini, Sant pou Responsablite ak Rechèch sou IA nan Inivèsite Binghamton. Don filantwopik 30 milyon dola a, pi gwo

don akademik nan listwa inivèsite a, makonnen ak yon envestisman kapital rechèch 25 milyon dola ki soti nan SUNY.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.